*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№47 (6567) * 2020 с. * 14 декабрь * 29 рабигIул ахир * 1442 с. * итни *

## ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ УЧРЕЖДЕНИЯЗДЕ САПАР



**Дагъал церегIан къояз районалъул бетIерасул ишал тIуралев М. ТIагьиров, районалъул бетIерасул заместитель А. Маликов, Хьаргаби росдал бетIерасул ишал тIуралев ХI. Арбулиев хIалтIулаб сапаргун щвана районалъул централъул «Малыш» ясли – ахалде ва №2 гьоркьохъеб школалде.**

Сапаралъул аслияб мурад букIана районалъул лъайкьеялъул учреждениязда Роспотребнадзоралъул тIалабал тIураялда хадуб бербалагьи гьаби,



медицинаялъул кабинетал дарабаздалъун хьезариялъул хал гьаби. Гьединго гьел щвана пищеблокалде, халгьабуна I – 4 классалъул цIалдохъаби бухIилеб кванидалъун хьезари ва гьелъул качество.

Ясли –ахалъул хал гьабулаго гьелъул заведующая П. Мажидовалъ районалъул бетIерасул ишал тIуралев М. ТIагьировасда гьарана ясли – ахалъул санитарияб узелалда ремонталъулал хIалтIаби тIоритIизе гIарцулаб рахъалъ кумек.

М. ТIагьировас тIадкъай кьуна сметаялъул документал хIадур гьаризе ва бачIунеб 202I соналъул бюджет хIадур гьабулаго хIисабалде босизе ясли – ахалда санузелалда ремонт гьабиги.

Суратазда: ХIалтIулаб сапаралда

## ЦIияв бетIерав тохтур



**8 декабралда районалъул централияб больницаялъул коллективалда вихьизе гьавуна цIияв бетIерав тохтур ГIусман МухIамадов.**

Гьес тIадегIанаб даражаялда нахъа тана Республикаялъул сахлъицIуниялъул министерствоялда тIобитIараб конкурс. Коллективалда цIияв бетIерав тохтур вихьизе гьавизе рачIун рукIана Республикаялъул сахлъицIуниялъул министрасул заместитель Салман АхIмадов, районалъул администрациялъул бетIерасул ишал тIуралев М. ТIагьиров, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель М. ГIумаров.

ГI. МухIамадов гьавуна Хьаргаби росулъ 1964 соналда. 1980 соналда лъугIизабуна Хьаргаби гьоркьохъеб школа ва цIализе лъугьана Дагъистаналъул медицинаялъул институталде. 1986 соналда лъугIизабуна институт ва витIана Тамбов областалде. Гьенив батIи – батIиял хъулухъазда хIалтIулаго, 1996 соналде щвезегIан, камиллъана хирургасул махщел.

1996 соналдаса 2005 соналде щвезегIан хIалтIана Хьаргаби районалъул больницаялъул хирурглъун. 2005 соналда республикаялъул сахлъицIуниялъул министерствоялъул хIукмуялдалъун тIамуна ЧIарада районалъул больницаялъул хирургиялъул отделениялъул заведующийлъун. ТIадегIанаб категориялъул тохтур, республикаялъул сахлъицIуниялъул отличник, республикаялъул мустахIикъав тохтур. Буго хъизан ва ункъго лъимал.

**Сураталда:** ГI. МухIамадов

ПОДПИСКА - 2021

ХЪВАЙ ГЬУДУЛЗАБИ, НИЛЪЕРГО РАЙОНАЛЪУЛ «ЦЕРЕХУН» ГАЗЕТА.

ПОДПИСКА ГЬАБИЗЕ БЕГЬУЛА ПОЧАЛЪУЛ ОТДЕЛЕНИЯЛДАГИ РЕДАКЦИЯЛДАГИ.

### БОКЬИЛИЦ НУЖЕЕ

- Районалда ругел цIиял харбал рагIизе?
- ГIагараб ракьалъул тарихги, умумузул къисматги лъазе?
- Исламияб диналъул дарсал цIализе?
- Лъималаз гIелмуги гIолилаз насихIатги босизе?
- Махсаро - хочIалъ ракIал реэдизе?
- ЛъикIал малъа-хъваяз махщел камил гьабизе?
- Нилъерго мацIги, цIарги, маданиятги, адабиятги цIунизе?

**Батани, хъвай гьеб киналъулго матIу-жибго бечедаб, багьа учузаб нилъерго «Церехун» газета.**

### ГАЗЕТАЛЪУЛ БАГЬА:

**ЛъагIалие:**
Почалдасан – 480,94 гъур.
Редакциялдасан – 240 гъур.

**Бащдаб лъагIалие:**
Почалдасан - 240.48 гъур.
Редакциялдасан – 120 гъур.



# Росдал къватӀазде кӀвар цӀикӀкӀана

**ГЬаб 2020 соналдагӀан гӀемерал ХЬаргаби росдал къватӀал чанго соназ къачӀан рукӀинчӀо. Гьел къачӀаялде байбихьи лъуна «Дир Дагъистан – дир нухал» проекталда рекъон Абубакаровасул ва Абулмуслимовасул цӀаралда ругел росдал къватӀазде бетон тӀеялдасан. Хадур къачӀарал киналго къватӀал ккола нухлул фондалъул кумекалдалъун гьарурал хӀалтӀаби. Жакъа къоялде районалъул централда бетон, хъил тӀун къачӀан руго 9 къватӀ, 3700 метра гӀаммаб халалъиялъул.**





Гьал къоязда районалъул бетӀерасул ишал тӀуралев М. ТӀагьиров, районалъул бетӀерасул заместитель А. Маликов щвана цересел къоязда бетон тӀун къачӀарал нухазде ва гьабураб хӀалтӀуе лъикӀаб къимат кьуна. Гьединго гьабураб хӀалтӀудаса разиго руго ва баркала загьир гьабулеб буго гьеб къватӀазда гӀумру гьабулел ругел росуцояз.

Нилъеца киназго бачӀунеб соналда кӀодо гьабизе буго ДАССР гӀуцӀаралдаса 100 сон тӀубай. Районалъул росабалъ аслияб кӀвар буссинабулеб буго общественниял бакӀал, нухал, памятникал къачӀаялде. Гьеби ккола Хьергебдерил байрамалде хӀадурлъиялъул тӀоцересел галаби.

**Суратазда:**
КъачӀарал нухазул халгьаби.

# Сертификатал кьуна





**2019 соналъул 22 маялда бахъараб Дагъистан республикаялъул хӀукуматалъул №112 хӀукмуялда рекъон жанир чӀолел минаби росизе субсидиял кьола I группаялъул инвалидазе, лъимал – инвалидал хьихьулел хъизамазе, жанир чӀолел минабазул шартӀал лъикӀлъизе гьариялъул сияхӀалда цӀарал ругони. Гьел субсидиял хӀалтӀизе гьаризе бегьула жидерго къуваталдалъун рукӀа – рахъиналъе шартӀал лъикӀлъизариялъеги.**

Субсидиял кьеялъул программаялда рекъон гьеб щолел чияз бичун босизе ккола яги базе ккола хъизамалда ругел чи рикӀкӀун 18 квадратияб метра щивав чиясе. Гьединал сертификатал нилъер районалда цере – цереги кьолаан районалъул гӀадамазе. 7 декабралда районалъул МФЦ ялъул минаялда жаниб районалъул 17 хъизамазе рохалилаб кьагӀидаялда районалъул бетӀерасул ишал тӀуралев М. ТӀагьировас кьуна сертификатал. Районалъул бетӀерасул ишал тӀуралев М. ТӀагьировас ва МФЦялъул нухмалъулев М. ХӀасанхӀусеновас баркана сертификатал щолезда ва мухӀканго баян гьабуна гьезие гьеб босулеб ва хӀалтӀизабулеб къагӀида.

ГӀаммаб къагӀидаялда кьурал сертификатазул багьа бахана 21 млн. гъурущалде.

**Суратазда:**
Сертификатал кьолел

---

АДМИНИСТРАЦИЯ
МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА
«ГЕРГЕБИЛЬСКИЙ РАЙОН»

ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*от 02 декабря 2020 года*
*№01-16/198*

## О дополнительных мерах по противодействию распространения новой коронавирусной инфекции СОУШ-19.

Во исполнение решения Республиканского оперативного штаба от 01.12.2020 года и районного оперативного штаба от 02.12.2020 года, администрация МР «Гергебильский район»

**Постановляет:**

1. С 3 декабря 2020 года до улучшения санитарно-эпидемиологической ситуации:

1.1. Обеспечить временное приостановление посещения гражданалж. мечтой, за исключением лиц, присутствие которых необходимо для функционирования мечети.

1.2. Обеспечить совершение религиозных обрядов (ритуальное омовение, бракосочетание и другие) при ограниченном присутствии близких людей (не более 10 человек) и отсутствии допуска иных лиц в это время.

1.3. Отделу ЗАГСа администрации МР «Гергебильский район» обеспечить проведение регистрации брака при ограниченном присутствии людей (не более 10 человек).

2. Усилить контроль за соблюдением режима самоизоляции гражданами в возрасте 65 лет и старше.

3. Усилить контроль за соблюдением гражданами масочного режима и проведением дезинфекционных мероприятий в местах массового пребывания людей (на объектах торговли, объектах общественного питания, в местах проведения культурно-просветительных зрелищно-развлекательных мероприятий и пр.).

4. Усилить контроль за соблюдением запрета оказания услуг общественного питания с 23.оо до 06':оо часов.

5. Всем хозяйствующим объектам независимо от организационно правовой формы собственности, руководителям государственных и муниципальных учреждений (предприятий):

5.1. Обеспечить соблюдение масочного режима сотрудниками на рабочих местах.

5.2. Продлить режим самоизоляции гражданам в возрасте 65 лет и старше с 04.12.2020г. до 17.12.2020г.

5.3. В обязательном порядке предусмотреть в режиме работы учреждений проведение перерывов для проведения дезинфекционных мероприятий («санитарный час»).

5.4. Обеспечить контроль наличия лиц, находящихся в торговых залах, помещениях организаций, средств индивидуальной защиты (маски).

5.5. Запретить организацию и проведение массовых корпоративных мероприятий, в том числе новогодних, как на территориях и организаций, так и выездные в арендуемых помещениях.

6. Запретить работу банкетных залов, (до особого распоряжения).

7. Рекомендовать ТО Управления Роспотребнадзора по РД в Гунибском районе, совместно с ОМВД РФ по РД в Гергебильском районе, главам сельских поселений, принять меры по исполнению данного постановления.

8. Рекомендовать имаму района, имамам населенных пунктов обеспечить соблюдение вышеперечисленных рекомендаций до улучшения санитарно-эпидемиологической ситуации и официального снятия введенных ограничительных мер.

# Хьаргаби росдал тарихалъул тIанчал

**1844 соналда Хьаргабиве вачIана генерал Лидерс. Гьабнухалда пачаясул аскаралъул букIана гучаб къуват. Росулъе рачIунел нухалги ккун рукIана гIурусаз. Хьергебдерица хIукму гьабуна росу тезе – гIурусаз рецIел босизе гурин абун. Рехун тун минабигун, жамагIат гочана гьениса нахъе. Генерал Лидерсица генерал Пассекида тIадкъана, 1843 соналда ккарал камиязул рецIел босизелъун, Хьаргаби росу бухIеян ва минаби рихххизареян, ахалги гъуреян абун. Пассекицаги гьеб буюрухъ тIубазабуна. Гъоркьисала гьарун рукIарал гIурус щулалъабицин ракьул цIезаруна гьес, жидерго къабихIлъи халкъалда кIоченабиялъул мурадалда.**

1847 соналда генерал Воронцов гIагарлъана Хьаргабиве. Гьесул хьул букIана хехаб бергьенлъи щвеялде, амма жо ккечIо. «ГIурусаз Кавказ квегъи» абураб тIехьалда Д. Баделица гьадин хъвалеб буго гьелъул хIакъалъулъ: «Хьаргаби букIана тIабигIаталъги гIадамазги щулаго цIунун. ГIаймакдерил кIкIалал хъитIаздехун амфитеатралда релълъараб гьеб, аскIоре гIунтIулеб хIалалда батичIо бакътIерхьулгун северияб рахъалдасаги. Цогидал рахъазда рукIана ганчIил минаби, цоцада тIаде ралагьарал гьезги росу сверизабун букIана жанибе нух гьечIеб хъалаялде. Хьаргаби росу сверун къан букIана ункъго метраялъул борхалъиги метрагун бащдаб гIеблъиги бугеб къедалъ. Хьалбаздехун букIана кIиго гIисинал гIарадабигун кIиго си».

Гьаниб Д. Баделица цодагьаб кIодо гьабун бугин ккола (доб заманалда гIемерисел гIурусазул командирзабаз гьабулаан гьедин). ГьабсагIаталда ругел, доб заманалъул чIунтараб росдал чIвадназул хутIелал рорцараб мехалда бихьулеб буго къадазул гIеблъи 70-80 сантиметра букIараблъи (метраялдаса гIебаб гьечIеблъи мухIканаб буго ). Хьаргаби цIунуниялъе бетIерлъи гьабулеб букIана гIолохъанав наиб Идрисица. 1847 соналъул лъабабилеб июналда байбихьана гIарадабазул гьужум. Гьужум гьоркьоб къотIичIо сордокьоялго. Хьаргаби росдаде рехана: кIиго пуд бугеб 225 бомба, 12 фунталъулаб – 230, цо фунталъулаб – 430, цо фунталъул ункъил бутIаялъулаб – 615.

Гьеб заманалда Шамил имам вукIана жиндирго аскаргун ва наибзабигун Сулдахъ магIарда (Зуберха мегIералда дандбитIун). Гьес халкколеб букIана унеб рагъалда хадуб. Шамилил буюрухъалда рекъон, лъабнусго жидеего бокьарав аскариявги вачун, ХIажимурад наиб лъугьана Сулдахъ магIардаса гъоркье, БакьдакIалъуб бакIалда Кьарал гIорги бахун, НатIаб майданалдасан рещтIана Хьергебдерил ахазда ва, вачIинахъего, лъугьана рагъулъе. Умумуз бицунаан, ХIажимурадги гьесул муридзабиги тIубараб кьоялъ рагъанин, чодасаги рещтIинчIогоян абун. Хьергебдерил ахазе гIоло гьабураб гьеб рагъулъ шагьидлъана Гумбеталдаса Хьарагиш ва гьев вукъун вуго гьебго ахикь, гъоркьиял хабалазда гIагарлъухъ.

Гьаб хабар бицана 1886 соналда гьавурав унтарав ГIалил МухIамадица – ГIалиев Загьирил инсуца, гьесдаги гьеб бицун буго имгIал Амирханил КъурахIамаца. Гьужумалъе рачIунел гIурус солдатазул кутакалъ, нахъе къазе ккана Хьергебдирил къварилъул кIалтIехун рахъ ккун рагъулел рукIарал магIлисел. Гьезие кумекалъе рекерана Жарбайги, МухIаматIил Мусаги, ХIажимухIаматIги, ва цогидал гIолохъабиги. Гьеб къокъаялъухъа бажарана гIурусазул аскар сангар бахун къватIибехун кьабун. Нахъойги бачIана хабар аслияб кавуги рагьун, гудекIанисахун гIурус росулъе жанибе лъугьунеб бугина, хобалазда гIагарлъухъ, СагIитил Абакарил минаялда аскIоб бакI. Гьелго гIолохъаби рекеранила дорехун ва рачIинахъего байбихьана гIурус аскаралда кьабизе. Гьезул кутаклъияльги лебаллъиялъги солдатал хъаладул къададаса къватIирехун къазарунила. Гьеб къоялъ ккарал рагъазулъ галаналда шагьидлъана Идрис наибасул вац Жарбай, годекIанив – Муса ва захIматго лъукъана ХIажимухIамад (кавуялдаса къватIивехун, жанир рагьарал хучдуздул ругъназ хвана.).



Араб гIасруялъул 20-30-абилел соназда дир кIудияв инсул мадугьал Каймаразил ХIамзахъе печалде гIемер вачIунев вукIун вуго ГIабдуразакъил ГIалил МухIамадил кIудияв эмен ГIабдуразакъ. Гьев цIакъ цIодорав, хабар бицине гьунар бугев, гIемерал гIадамалги дуниялги бихьарав, жиндир гIумруялда имам Шамилил заманаялъ Хьаргаби росулъ ккарал рагъазул чIаго хутIаралщинал гIахьалчагIи- бахIарзал жинда рихьарав чи. ГIабдуразакъица гIемер бицунеб букIун буго Урдашидасан (ГьитIинав ТIалхIатил кIудияв эмен, гьевги ГIабдуразакъги рукIана мадугьалзаби ), КIудев ХIусенидасан, ГIабдурахIим дибирасдасан (1900-абилел соназул байбихьуда росдал дибирлъун вукIарав), ГIумарил МухIамад дибирасдасан (1880-абилел соназул кIиабилеб бащалъиялда вукIана росдал дибирлъун), ГIалил МухIамад дибирасдасан, дибир Къудукьа Ражабиласдасан ва цогидаздасанги жинда рицарал харбал. ГIабдуразакъица бицунаан, гьеб къоялъ росдал годекIан бица белъун букIанин ва хадубккун цIад бараб мехалда, ГIаймакдирил лъаралдаги бидул кьер лъун букIанин.

Хьаргабиса МухIамадбегица (Хьаргабиса Бегилав) гьадин хъван буго гьел гъазаваталъул гьалбацIазул бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ:

**Рагъ ккараб бакIалде гьира бахъунев,**
**ХIал ккараб бакIалде тIаде кIанцIулев,**
**Макьие бокьухъин сордо рогьинчIев,**
**ЖабрагIилги тана доб галаналда.**

**Сангаралде тIаде солдатал гьедал,**
**Гъуждул сваказегIан хочодги вагьун,**
**Ургьире рагьарал ругънал жинда щун,**
**Дов ХIажимахIатIги унтун бусада.**

**ГIаркьелал къотIани, гьветIги бакьвала,**
**Гьал лъикIал чи хведал росу чIунтана,**
**Вакъарав чиясе квенги гIемераб,**
**Мискинав чиясда гурхIел цIикIкIараб.**

**Дунял-гIаламалда бицен рагIараб**
**Берцинаб росдалги гьогьол гохI лъвана.**
**КIикього гъазияв къанабакьги лъун,**
**Къваридаб хIалалда нижги хутIана.**

Хьаргабив талихIкъарав генерал Воронцов хIажатавлъун ккана СалтIехун сапар бухьине, гьенибниги икъбал ккеялде хьулгун. Гьенибехун, СалтIа кьеркьолел рукIарал муридзабазе кумекалъе, къокъана Идрис наибасул къокъаги. Тарихалда лъала, кIигониги моцIалъ халалъана СалтIа росу цIуниялъул рагъал. Гьел захIматал, гIемер къо бихьарал рагъазукьаги, сверун ккураб СалтIаса рорчIун, росдада аскIосан чвахулеб лъарал рагIалда, шагьидлъана бахIарчияв Идрис наиб, гьенивго вукъунги вуго. Зама-заманаялъ Хьергебдирил жамагIат уна гьенибе зиятаталъ. Хьаргабиса МухIамадбегица гьадин хъвана гьесул хIакъалъулъ:

**БахIарчилъиялъе**
**берго къаларев,**
**ЧIахIиял аскарал**
**хвалчад кьабгIарав,**
**Идрис анищ, Шамил,**
**хвечIого нахъе,**
**Инароан бахъун**
**дур Улихъала...**

Умумузул биценалда рекъон, Идрис наиб шагьидлъун хадуб Хьаргабиса наибзабилъун рукIана КIудев ХIусенги, Мусал ГIалиги. Мусал ГIали наиблъун вукIин тасдикъ гьабула Хьаргабиса Бегиласул «Шамилил къисмат» абураб къисаялдаса гьал мухъазги:

**Я дов имамасе топхана тIурав,**
**ТIогьилаб чалма кьун бода тIад тарав,**
**Гьаб шаригIаталъе баркат кIудияв,**
**Нилъер Мусал ГIали магIарда тана.**

МухIамадбегида БитIараб цIар букIана Къурбанил ГIумарил МухIамад. Гьев вукIана цIаназда вугев вехь, доб заманалъе рекъон кколеб лъаялъул чи. Гьесда цIакъ лъикI лъалаан сверухъ ругел мугIрузул сухъмахъалгун хъитал ва кIкIалал. Сверун ккун бугеб Хьаргаби росулъа Идрис наибас къураб кагъатги босун Сулдахъ магIарда тIад вугев имам Шамилихъе МухIамад вачIараб мехалъ, имамас абун буго мун жакъа къоялдаса нахъе МухIамад гурин МухIамадбег вугин абун. Гьеб къоялдаса нахъе гьесда рекIун буго МухIамадбег абун цIар.

МухIамадбег вукIана XIX гIасруялда Дагъистаналда ккарал киналго лъугьа-бахъиназул чIагояв нугIлъун. 1886 соналда халкъалъул хъвай-хъвагIай (перепись) гьабулеб мехалда гьесул букIана 72 сон. Гьелда рекъон, гьев гьавураб сонлъун рикIкIине бегьула 1814 сон ва гьес гIумру гьабуна нусгоялдаса цIикIкIун соналъ. Хвараб заман мухIканго лъаларо, биценазда рекъон, гьев хвана 1920-абилел соназда. 1909 соналда, Гъуниб бахъиялъул 50 сон тIубай кIодо гьабулеб мехалда, 20 азарго солдатги вачIун, пача Николай II- сул гIахьаллъигун тIоритIана мисалияб рагъулал маневрал. ЦIидасан бихьизабуна Гъуниб бахъиялъул рагъулаб тарих (военно - историческую реконструкцию штурма Гуниба). МухIамадбегил гьеб мехалда букIана 95 сон. Гьеб заманалда гьес хъвана «Шамилил къисмат» абураб къиса ва гьениб бицуна гьес Кавказалъул рагъул тIолабго тарихалъул хIакъалъулъ.

ХI. МАХIМУДОВ
Хьаргаби росу

*Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса*

# Квачалъул унти ккани

**Квачалъул унтуе халкъияб медицинаялъ лъикIаллъун рихьизарулел руго гьал хадур рехсарал хурдузул дарабаздаса пайда босизе:**

**1.** Цин 3 къоялъ гьекъела (кваналелде 20-30 минуталъ цебе) цо кIудияб гъуд цIун фенхель гъорлъ гьалараб лъим. Цинги 3 къоялъ гьекъела шалфей яги ромашка гъорлъ гьалараб лъим. Хадусеб 3 къоялъ гъобго къагIидаялъ гьекъела зверобой гъорлъ гьалараб лъим. Гьелдаго цадахъ гьекъела фесталгингун фенкадлол яги диазалингун супрастин.

**2.** Квачалъул унтул гIаламатал раккигун, цо стакан ламадуралъул сокалъул гьабила. Гьелда гъорлъ чухIун жубала ражидул 4-5 гожо. Багъарараб гьелъул бащда-бащдаб стакан гьекъела къойида жаниб 3-4 нухалъ кваналелде 30-40 минуталъ цебе. Гьеб гьекъела щугониги къоялъ.

**3.** Поролги ражидулги 250 г гIисин гьабун буссина. Гьелде тIаде тIела спирталъул (45 %) 1 л. КIиго анкьалъ, цIарагIалъул кIалги къан, рукъалъул температура бугеб бецIаб бакIалда лъун тела. Зама-заманалдасан чвалхезабила. КIиго анкьидасан лъамалъи цIвила. Гьеб гьекъезе бегьула гриппалъ унтунгутIизеги, унтидал сахлъизеги. Гьекъола къойида жаниб 3-4 нухалъ 15-20 къатIра кваналалде цебе.

**4.** Гъоркьохъеб кIодолъиялъул пер хъвагIавалъ хачала. Гьелде тIаде тIела гьалараб рахьдал бащдаб литр. 20 минуталъ хинаб бакIалда тела ва цIула. Гьелъул цояб бащалъи бухIилаго гьекъела къаси регилелде цебе, цогидаб бащалъи - радал. Гьаб дару гьекъезе ккола 3-4 къоялъ.

**5.** Квачалъул унти ккани яги аллергия бугони, кумек гьабула накIкIигъутIбузул рукIкIби яги рицIцIигъотIол гIаркьалаби гъорлъ гьализарураб лъел ваннабаз. Гьалараб лъел 5 л гъорлъе бала рицIцIигъотIол гIаркьалабазул 300 - 400 г. Къоялъ тела. Къаси, цIидасан хинлъизеги гьабун, гъорлъ регизе гIураб хинаб лъелъги жубан, гьелда гъорлъ регила. Яги накIкIигъотIол гIаркьалабиги рукIкIбиги лъелъ гьализарила. Гьелъул лъим хинаб лъимгунги жубан, гьенир гъорлъ регила.

ЛъикIаб буго рада-радал гьелъ гьумер, кверал чуризеги.

**6.** Квачалъул унтул гIаламатал загьирлъаралго лъикIаб буго цIамул лъеца риччизарурал квасул щватаби ретIине. Стакан цIураб бухIараб лъадалъ биинабула гъуд цIураб цIам. Гьелда жанир риччизарула рацIцIадал

Квасул щватаби. Щватаби хинлъилаго ретIила гIицIал хIатIазда. Квас хIатIазда хIунчулеб бугони, гъоркьан ретIине бегьула тIеренал синтетикаялъул кун гъорлъ гьечIел ракъварал щватаби. ЦIамул лъеца риччизарурал щватабазда тIасан ретIуна полиэтиленалъул пакетал, гьезда тIасанги ракъварал квасул щватаби. Гьел «даруял» щватаби ретIун тезе лъикIаб буго къаси регулеб мехалъги.

**7.** ГIинтIидул тIогьол 1 кванил гъудалде тIаде 1 стакан гьалараб лъим тIе ва сагIаталъ те. Дагь-дагьккун къоялъ гьекъе.

**8.** Квачалъул унтиялъ унтидал кIудияб гъуд цIураб калинаялъул пихъида тIаде тIела 1 стакан гьалараб лъел. 2 сагIаталъ тела, цинги гьелъ хулила ангинаялъ унтараб щекъер. ХIалцен тIагIинеги, гьединго калинаялъул гьабураб лъим, гьоцIоги жубан, гьекъела къойида жаниб 3-4 нухалъ кIи-кIи гъуд цIун.

**9.** Ражидул лъабго гожо чухIила. Гьелде тIаде тIела гьалараб рахьдал стакан. 20 минуталъги тун, дагь-дагь ккун гьекъон бащдаб сагIаталда жаниб лъугIизабила. Гьелъ кумек гьабула гриппалъеги ангинаялъеги.

**10.** ГIисин гьарун хъурарал цо кIудияб гъуд цIурал къоркъотIанхазде (мать-и-мачеха) тIела гьалараб стакан. СагIаталъ хинаб бакIалда тела ва цIула. Гьекъела къойида жаниб 4-5 нухалъ цо-цо кIудияб гъуд цIун. Гьелъ гIетI базабула, гьорой, цIа-кан инабула, ахту бачIинабула ва черх щула гьабула.



**11.** Босила 500 г гьацIулги, 500 г щарил нахулги, 5 хоноги,

5 лимонги, 500 г столетник харилги, бащдаб литр 45 % спирталъулги. Лимон гьан ххунеб машинкаялъусан биччала ва гьел киналго нигIматал журазарураб жо, цIорол баллоналъубги лъун моцIица бецIаб бакIалда тела. Кванала цо кIудияб гъуд цIун къойида жаниб 2 нухалъ кваналелде 2 сагIаталъ цебе. Гьаб даруялъ кумек гьабула гьуьрузда квач хъвайдалги.

**12.** Риидал квачалъул унтиялъ унтуларин ракIалде ккезе бегьула цояздa. ЦIодорлъи гьабичIони, квачалъ риидалги бигьаго унтизе бегьула. Сунцаха нилъ унтизарулел? Бищунго квешаб жолъун ккола багIарараб къоялъ холодильникалъуса цIорораб лъим гьекъей.

Танзилиталъ унтаразе, нервабазде хIал ккун черх загIиплъаразе бащдаб стакан цIорораб лъелги гIола унтизе ккани. ЛъикIаб жо гуро кондиционерги. Гьелда аскIор чIеялъ хасало рагьараб горда цере чIараб мехалъ гIадинаб асар гьабула. Унтизе бегьула машина бачунаго киналго гордал рагьун ругониги. ХIаракат бахъизе ккола машинаялъул гордал цояб рахъалдасан гурого рагьичIого тезе. ЦIорораб лъим гьекъон щекъер унтизе лъугьарабго, унти хIалуцинегIан чIечIого, байбихьизе ккола даруял хурдузул гьабураб яги содагун, йодгун жубараб лъеца щекъер хулизе.

ХIаракат бахъизе ккола, бачIинахъего антибиотикал хIалтIизаричIого, тIадагьал, зарал гьечIел гомеопатиял дарабаздалъун черх сах гьабизе. Гьединаздасан цояб ккола «анаферон». Гьеб гьекъезе ккола къойида жаниб анцIгониги нухалъ, мадар лъугьинегIан.

Собрание депутатов АМО «село Чалда»

# П Р О Е К Т

## Бюджета в первом чтении на 2021 г.

*От 24 ноября 2020 года* *№ 12*

1.Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2021 год, определенные исходя из прогнозируемого объема в размере 1850,6 тыс. рублей:

прогнозируемый общий объем доходов сельского бюджета в сумме 1850,6 тыс. рублей, в том числе безвозмездные поступления от бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме 1675,6 тыс. рублей согласно приложению 1 к настоящему **Решению;**

общий объем расходов сельского бюджета в сумме 1850,6 тыс. рулей;

2. утвердить в пределах общего объема расходов, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджета на 2021 год согласно приложению 2 к настоящему Решению.

**Распределение доходов бюджета на 2021 год по кодам экономической классификации**

| Код бюджетной классификации РФ | Наименование доходов | Сумма (тыс. руб) |
|---|---|---|
| **000 1 00 00000 00 0000 000** | ДОХОДЫ | **175,0** |
| 182 1 01 02000 01 0000 110 | Налог на доходы физических лиц | 80,0 |
| 000 1 06 01030 10 0000 110 | Налог на имущество физических лиц | 15,0 |
| 000 1 06 06013 10 0000 110 | Земельный налог | 30,0 |
| 001 1 17 05050 10 0000 180 | Прочие не налоговые доходы | 50,0 |
| 000 2 00 00000 00 0000 000 | БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | 1675,6 |
| 001 2 02 01001 10 0000 151 | Дотации бюджета | 1504,0 |
| 001 2 02 03024 10 0000 151 | Субвенции бюджетам поселений передаваемых полномочий субъектов РФ | 93,6 |
| 001 2 02 03015 10 0000 151 | ВУС | 78,0 |
| | ВСЕГО | **1850,6** |

**Распределение бюджетных ассигнований на 2021 год**

| Документ, учреждение | Функциональная классификации Расходов бюджета РФ | | | | Сумма (тыс.рубл.) |
|---|---|---|---|---|---|
| | РЗ | Пр | Ц.ст. | Вр | |
| Глава муниципального образования | 01 | 02 | 999002001С | 121 | 360,2 |
| Центральный аппарат | 01 | 04 | 999002003С | 121 | 821,4 |
| ВУС | 02 | 03 | 9980051180 | 121 | 78,0 |
| Коммунальное хозяйства | 05 | 02 | 9940023510 | 244 | 93,6 |
| Уличное освещение | 05 | 03 | 994002601Л | 244 | 30,0 |
| Содержание автодорог | 05 | 03 | 994002606Л | 244 | 10,0 |
| Прочие мероприятия по благоустройству | 05 | 03 | 994002606Л | 244 | 70,6 |
| Пенсионное обеспечение | 10 | 01 | 994003491Э | 321 | 64,0 |
| СДК | 08 | 01 | 991002440Д | 111 | 322,8 |
| ИТОГО: | | | | | 1850,6 |

**Глава АМО «село Чалда» \СУРХАЕВ Г. А.**




**Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"**

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**

**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль. ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**

Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21. По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 10 декабря 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00